

11 Mas 2020

Chè Kominote Lekòl Piblik Boston:

Lekòl Piblik Boston (BPS), ansanm ak moun responsab nan vil la ak pou lasante, kontinye ap byen swiv kriz sante k ap evolye ki gen rapò ak kowonaviris la. Enfòmasyon k ap swiv yo se pi bon enfòmasyon ak rekòmandasyon nou gen disponib pou nou apati jodi a. Pandan kowonaviris la kontinye ap gaye, gen kèk grenn lekòl ak inivèsite nan peyi a, pami yo kèk ki nan Massachusetts, te fèmen pandan yon jou oubyen plis pase sa toujou. Jan nou ka konprann, gen fanmi ki komanse ap mande si Lekòl Piblik Boston yo pral fèmen kèk nan lekòl nou yo, si pa tout, talè konsa.

Baze sou enfòmasyon nou genyen jodi a, ekspè medikal, ki enkli Sant pou Kontwòl Maladi (CDC), Komisyon Boston pou Lasante (BPHC), ak Depatman Sante Piblik Massachusetts la (MDPH) pa rekòmande fèmeti lekòl nan Boston nan moman sa a. Doktè ak ofisye lasante piblik konnen kijan pou pwoteje piblik la de enkyetid sou lasante epi nou pral kontinye ap konte sou konsèy pa yo. Pou enfòmasyon ak mezi prevansyon ki sou kijan pou w rete an bon sante pi aktyèl yo, ale nan bphc.org oubyen bostonpublicschools.org/coronavirus.

Nou konprann gen kèk paran ki gen dwa chwazi, pou yo pa neglije pran prekosyon, pou yo fè pitit yo rete lakay malgre rekòmandasyon ekspè sou lasante piblik yo. Si paran yo ta deside pou yo pa voye pitit yo lekòl la, fok absans la ta akonpaye ak yon lèt oubyen imèl de paran/gadyen an voye bay lekòl la. N ap eskize absans sa yo.

BPS ap pran plis aksyon ou asire bilding ak bis nou yo trè pwòp tou. Nou ogmante netwayaj nan lekòl nou yo, epi nou mete plis aksyon pou prekosyon nan plas pou bon jan preparasyon manje nan estanda ki wo, ak yon ekip adilt byen dedye ap konsantre sou kenbe timoun yo an sekirite. Mwen menm, mwen te mande direktè lekòl yo pou yo siveye twalèt yo pèsònèlman minimòm twa fwa pa jou pou yo asire yo genyen ase savon. Si distribitè savon yon prèske fini oubyen yo an pann, se pou pwofesè yo, staf lekòl yo ak elèv yo notife yon janitò oubyen manm pèsònèl lekòl la.

Nou kontinye ap travay ansanm ak ofisye vil ak ofisye lasante yo pou nou fè sa k ap pi bon pou elèv nou yo ak fanmi nou yo epi n ap kontinye kenbe w okouran depi gen plis enfòmasyon ki disponib.

Nou pa ka di sa a ase: **premye priyorite nou bo isit la nan BPS se lasante ak byennèt elèv nou ak fanmi nou yo.** Se sa a k ap fokis prensipal nou pandan nou kontinye ap swiv sityasyon sa a byen ansanm ak ekspè nou yo sou lasante epi nou detèmine pi bon fason pou nou adrese enkyetid piblik la sou lasante n ap viv aktyèlman an la.

Sensèman,



Dr. Brenda Cassellius
Sipèntendant